

Gran Rivye de No (No)

Transkripsyon Fokis Fwoup Grande Riviere du Nord

- 1 Dorestin Jude: G; 53; 5 timoun; rheto; tekisyen agrikol; 20 nan koperativ
- 2 Jardis Rosena: F; 58; 4 timoun; 3e segonde; jeran; 14 nan koperativ
- 3 Saintis Alberte : F; 51; 3 timou ; 6e AF; komesan; 20 nan koperativ
- 4 Marcelus Noel: G; 60; 2 timoun; 6e AF; kiltivate; 31 nan koperativ
- 5 Leon Syrilien:G; 62; 2 timoun; 6e AF; kiltivate; 31 nan koperativ
- 6 Baptiste Julmiste: G; 47; 3 timoun; 9e AF; Tekisyen agrikol; 30 nan koperativ
- 7 Garcon Suzette: F; 67; 6 timoun; 6e AF; kiltivate; 31 nan koperativ
- 8 Mervelus Ervenson: G ; 58; 5 timoun ; 5e AF; kiltivate; 15 nan kop
- 9 Rene Saint Juste: G; 30; pa genyen; rheto; kiltivate; 12 nan koperativ
- 10 Eugene Anold :G ; 79; 6 timoun; 7e AF; kiltivate; 30 nan koperativ

We ,nou Nan Grande Riviere du Nord pa vre?

“wi”

Ok, nou isi nan kad, rechek ke nap fe pou CRS nan filye kakao, nou konnen ke CRS gen yon proje (bri chez) ki an kou kounye a la, men ki petet poko rive bo kote prodikte yo direkteman jan yo ta vle l,men li pa kapab rive tou pa zavan ke yo genyen yon ansanm de done ki gen rapo ak kakao, ki gen rapo avek fonksyonman nou menm

antan k'oganizasyon aan te k'institisyon, donk se pou sa nou la, pou nou vinn cheche infomasyon sa yo, cheche done sa yo. Donk tout sa ke w ban ou pral fe pati de infomasyon ke n pral konplete pou prezante yon rapo, ki gen tout doleans ou, ki gen tout infomasyon, tout sa w genyen pa rapo ak kakao. Donk nou pral pase nan seri dentevyou yo, kote nap gen de kesyon nap poze tout moun ap gen chans pou bay opinyon pan ou sou chak grenn kesyon, se pou tet sa nou mande nou pou nou bref, pou nou direk. Menm si on moun ap pale ou met kite l di tout sal vle apre ou menm ou jus montre nimero paw wap kapab di sa w panse. ok dako Ok ? Sa vle di pou yon kesyon, tout moun ka reponn, chak moun ap bay paw selon ou menm, ok ? **Wap dim yon bahay avan ?** Non

Nou ka komanse ?

Nou ka komanse Ok dako. (bri moto)

Pou kisa kakao bon ?

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: Pou la sante, kakao bon pou la memwa,(bri) pou anvironnman, kakao a bon pou proteje te a e pou proteje anvironman an, e kakao bon tou pou pemet ke plante yo kap fe plis lajan.

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Kakao a bon, li bay nou avantaj, li fe nou fe plis kob e se youn nan pwodwi nou genyen pou ede peyizasyon yo avanse. (anpil bri)

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom : Pou m kontinye a sa fre a sot di a , kakao a li menm se yon resous natirel pou nou menm plante yo, li ede nou nan lekol, li ede n nan maladi, li ede n nan la manjay e li ede nou nan lamo.

Pa gen lot moun anko ?

Pou nou kapab kontinye

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate: Pou nou kapab kontinye nan zafe kakao a, si telman li valab, anpil abitan, anpil plante plis ap kontinye plante paske li gen anpil lajan, li ede moun avek ti moun lekol, li ede nou afe plis progres, e li

kapab li manjab, yo fe dous avek li, ou fe siret avek li, ou fe chokola avek li, ou fe tout lot bon jan bagay ansanm avek li, sa fe li fenn fe plis lajan, sa fe ke nap kontinye plante kakao pou n ka gen plis kob.

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran: Epi m ta di tou kakao se yon bagay ki pa janm bouke donner , li donner nou konn di a chak sezon, men gen kote ke , a chak twa mwa nou we kakao a se donner anpil, si depi pa gen soley paske le soley frapey, li pa donner men le soley pa frapey depi (moun kap touse) yon moun ale nan yon pye kakao, ou ka trouve 2 liv, 3 liv, ou vinn fe lajan pou manje timouna w.

Eske nou konn fe remed ansanm avek kakao?

Wi, wi nou konn fe remed ansanm ak kakao

Ki remed konsa?

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : Paske le moun yo gen ehh ehh, ehh ehh koman yo di sa menm ___bet___ (yon moun ki ri) yo itilize kakao a, epitou gen yon maladi tou moun yo konn gen, le w paka ehh ehh twalet bagay sa yo, yo konn ehh yo konn pran kakao a, epi yo bat li, la jonis, yo konn fe l tou pou lajonis tou, moun nan pran kakao a, epi yo kason w kakao, gen de fwa yo konn suse kakao a, pou yo bwe eh eh dlo kinan kakao a.

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: kakao a ou fe gres ave l, e ninpot moun ki gen pwoblem sentu, rumatis, enben avek gres kakao a, li ede w vinn pi vanyan ___souke ko w__.

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom: kakao a se yon medikamen li ye pou nou, le nou gen, gen yon maladi ki rele kolo, kole, kolorin, le w genyen l, depi w pran kakao a, ou kase l ou mete swa sik blan, ou byen sik krem ladan l epi ou brase l ou souse l, rapid li trete kolorin nan.

#7: Garcon Suzette, Fi, 67 ane, 6 timoun

-*, kiltivate: Mwen menm?___ **Ou tap di yon bagay?___** (Grate goj) Ou tap di yon bagay?___ Si m ta di yon bagay?___ Non___ **Ebyen ok.**

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : *Le nap gade afe kakao a, pou nou menm nou pa gen lot resous ki plis ede nou se kakao a, nou pa gen lot resous komsa, nou anti an nou menm se kakao a, ki ed nou nan tout tout bagay, nou pa gen lot ed anko komsa pandan nou gen kakao a rekot la, nou deja konnen nou pral fe tel bagay, timoun yo pral lekòl, nou pral fe lot bagay, se li ki tout nou menm, li la pou ni maladi nou, ni pou tout bagay pou nou menm.*

Ok.

Depi kileu nan kiltive kakawo nan zon Grand Rivye?

Piblik: Sa gen anpil tan__Anpil tan (moun kap pale ansanm)

#5: Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate: *Efektivman kakao pou Grand Rivye du no, gen anpil tan men, men kileu nou menm kooperativ la, nou komanse vreman, pran kakao a, bay kakao a valeur, depui ver lane 1982. Apre yon diagnostic, avek yon group etranje, "MEDA" yo vinn fe yon babababla, yo vinn we ke Grand Rivye du no repute pou kakao, e depui des lors ebyen kooperativ sa a komanse pran prodiksyon sa a an valeur e jodia ki vinn yon gro moso pou yoe ki pral devni patrimwan pou peyi Dayiti.*

Konbyen varyete kakao ki genyen?

(bri)

#1: Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom : *Nou genyen twa (3) varyete pou Grand Rivye, Criollo, Forestero e Trinitario.*

Depi kileu ou konnen se 3 sa yo ki genyen?

Apre yon diagnostik pa yon group teknisyen, ki soti ehhh a la dominicanie

E avan sa kisa w te konnen?

Nou pat konn sa, nou gen selman ehhhh, m te genyen selman euhhh plis trinitario avek criollo. Nou gen plis criollo (vwa moun pale)

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom: *wi, dapre vale a youn nan 3 kalite kakao sa yo...*

Ki 3 yo ye?

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom: *Crilollo, Trinitario epi Forastero. Dapre vale a criollo a, li menm, kounye a nou menm nan kooperativ yo, nou gen infomasyon kijan pou n rekonet criollo a, se sak fe le nap fe pepinye , se criollo a tou sel nou preske fe pepinye ansanm avek li.*

Poukisa?

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom: *Bon, paske se li menm, selon etid blan an fe, criollo a pi valab. Blablabla pale plis*

M pral mete w sou poz tou (anpil moun kap pale)

(vwa patisipan ke nou pa idantifye) Criollo a li gen plis vale, e yo achteu nan lot peyi, e interse pou achte l pase li pi kouteu __map vini__ e pou nou planteu ki teknisyen en femantasyon, li femante plis, pi vit, lot kakawo trinitario, forestero ou ka pran 5 jou, 4 jou 5 jou (telefon kap sonen) pou l femante men, li menm se 3 jou au plu 4 jou. Au plu wi, 4 jou e ou fe plis kob ave l, nan tout peyi pase denyeman m te an Frans , tout peyi yap mande sou kakawo criollo. Eske w pa gen kakao kriyolo , kote kriyolo, se li yap mande, poukisa ? E se yon varyete tou, ki pa pe maladi. (bri chez)

#10 Eugene Arnold, Gason, 79 ane, 6 timoun, kiltivate: *Dapre kote teknisyen ap pale de kakao, se yon bagay ki " ta buen" nan tout zon nou pase kakawo nou loreya, ou met tande te gen konbyen __pale pi fo__ (anpil anpil bri) __ ou met pale __ dapre kooperativ du no a, kakao a se yon bagay ki "ta buen" e lem di w li gen sikse a, li gen sikse e w ancheri l patou, patou.*

Anpil bri

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *Kakao a telman enpotan, menm le ou ta va rive __ bri chez __ yon kote wap travay ou pran ti kakao a , ou grate l ou mete l sou blesi a, li pemet li _ cheche_ cheche. (bri)*

Men nan ki mwa nou konn plis rekolte kakao ?

Bon

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *Nou rekolte kakao a, disi 2 sezon, tel ken an period sa a se mwa desanm, vovanm desanm se peti period, nou an rekot apre sa le nou rive nan grand sezon, a pati__mas__ mas, avril sa vle di me nou nan grand sezon, sa di kakao a, jen tou (ti moun kap kriye)*

Ok

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *Bon, wi a le verite ko m mesye a di ke , sa a di se a pati de mwad septanm, oktob, novanm, desanm (timoun kap kriye) nou nan yon gran peryod kakao, le we nan moman aktyel kounye a, gen anpil kakao, se paske soley te pase, soley te koz kakao te manke donner anoil, men kounye apre lapli vinn tonbe la a gen anpil kote se kounye a yap founi kakao, le w pran apati de mwad fevrye, mas avril gen grand rekot kakao, le sa a tout abitan , tout planteu santi yo viv paske yo ka fe lajan, paske yo gen kakao e kakao a day, daye se yon riches li ye pou tout planteu, son w byen.*

(Anpil bri)

Kom prodikite nan sezon kakawo, nan sezon rekot koman w (ti moun kap kriye, bri moto) pase jounen w , koman w tap esplike yon jounen pa w pandan yon rekot kakao, koman sa ye?

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *Bon nan yon rekot kakao sa koute anpil, pa egzanp le wap peye yon joune ou ka peye 150 goud, pou w peye plante a pou w vann li yon jounen. Gen kote yo peye menm a 200 goud, e nou selman 200 goud ou bay moun nan mange pou jounen an, sa vle di ou bay moun nan mange, sa ka koute w o mwen de 300 goud, pou depans pou w achte yon joune.*

Na pale len apre lot, len apre lot...respekte, respekte. Ou fini ? Nimewo 3 ou gen yon bagay ou tap di.

#3 Saintis Alberte, Fi, 51 ane, 3 timoun, komesant : *sa m te di avan ouveti a, nou tap di le nap pale , fok nou pale direk sou bagay la, pa pase a kote.*

Nimero 10 ou gen yon bagay ou tap di toujou nan kakao...m preske pa di anyen anko.
Ok!

Kisa ki paret pi difisil pou nou nan zafe euhh kakao a, nan pwodiksyon an, sak paret pi difisil ?

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Sak paret pi difisil pou nou se pa rapo a lavi che, tretman kakao yo ta dwe genyen, plante y opa gen sifizamman (grate goj) euhh lajan pou nou pemet nou jwenn ankadreman pou kakao yo pase ke anpil plante ki anndan kooperativ yo, yo gen setenn fomasyon, yo fasil yo ka jere kakao yo, men tout plante pa touche sa vle ke kooperativ la pa gensifizamman mwayen pou fe yon sot de fomasyon pou tout moun ka touche e pou pemet ke kakao kapab (bri moto) blabla bla se yon pwoblem finans.

#6: Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon : Epi lot sa ki difisil pou nou anko, jaden kakao yo yo lwen, le pou nou fe transpo pou kakao yo, se nan tet, ti zo tet an nou n oblige desann ake w pase se li ki sous la, nou oblige men sa fatigue nou anpil.

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : Le pli souvan ou konn deyo, gen yon le pou w antre, pou w vinn bay kakao a, a koz mank mwayen gen dele se a pye, kote kakao a soti a fok oblige peye moto pou w vini, sa konn mete nou an reta gen de le moun yo vini mesye dam yo kap achte kakao a, moun yo konn soti lakay yo....pase mank mwayen pou yo kapab fe pwodiksyon an.

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon : wi nap kontinye anko, nap mande eske pa ta gen yon fason pou ta va ede nou swa yon milet, o swa yon cheval oubyen yon ti bourik pou ta soulaje nou paske jaden yo tre tre tre tre lwen poun desann ak pwodwi a

Nap vann kakao yon ane epi n achte yon bourik... (moun ki ri J J J)

Kisa ki paret pi difisil pou nou kom gason nou fe epi nou panse fi paka fe l ?

Bon gen yon bagay gason fe

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *Le pou w al sakle kakao a, prepare mete kakao a nan propte se nan mon tre lwen, fi paka fe l. Pafwa pou w fe tay kakao fok se monte pou w ta monte pye kakao a pou w fe tay la , fi paka fe l, se gason k pou fe l, gen pafwa jaden yo si telman gen gep, li gen raje manke mwayen pou w kapab pran swen kakao a, sa fe ke yo manke pran swen fi paka al nan jaden sa a, si jaden an te nan propte te gen mwayen , lajan pou w te okipe kakao a, fe tay kakao a, pou w te byen sakle kakao a ben s tap*

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon : *Bon se menm sa m ta pral di, m pa bezwen pase ladan l anko.*

E kisa ki pi fasil ke yon fi kap fe epi gason limenm li paka fe , sa ke fi kap fe gason pa kapab fe?

#3 Saintis Alberte, Fi, 51 ane, 3 timoun, komesant: *Nou kase kakao a, nou pote kakao a vinn vann*

Gason paka fe sa ?

#7 Garcon Suzette, Fi, 67 ane, 6 timoun, kiltivate : *Bon pou sa, pa gen anyen fi paka fe, gason paka fe, le kontre le l nan mon wo, rout yo difisil gason pran l mete l nan platon bay medam yo.*

(pil moun kap pale a la fwa)

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Bon mwen etan ke fi, m kwa ke sel sa m di, m pataka fe nan yon kakao se tay_ tay la_la, paske gen de branch le ke yo nan move pozisyon bagay sa yo ou paka ale , pou w al nan baay men gen fi ki moute bwa pase gason (moun kap ri) e gen sakle a tou wap tandè, wap tandè, wap tandè wap pale a hum, gen fi ki sakle tou ___ anpil ___ gen fi ki sakle, alo yo pap di tout bagay men gen fi ki konn sa yo rele sakle, yo pa pe gep, yo pa pe koulev, yo pa pe anyen pou yo sakle.*

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *Pito se fi pale pou tet pa yo, pase m pap ba yo pote gro chay sa a. (moun ki ri)*

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Bon sa nou ta renmen kom etan planteu ki ant, oganize se ede nou jwenn ankadreman teknik e ede nou peye teknisyen, jwenn yon oganis ki te ka ede nou finanse nou jwenn kek teknisyen ki pou pemet ke euhh kakao yo jwenn pi bon tretman e pwodwi plis

#9 Rene St Juste, Gason, 30 ane, 0 timoun, kiltivate (long silans) m pa di, medam yo ka fe tout bagay selman gen branch ki izole medam yo paka ale nan yo mena pre sa m we tout sa yon gason ka fe , yo kapab fel na jaden tou.

Ok, merci.

Aprè n fin keyi kakao a, kounye sa n fe , nou ka explike m demach la, ok nou keyi kakao e apre?

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwononm: Apre nou fin keyi kakao a, nou sanble men avan nou seleksyon n tout sa rat manje, tout (bri mizik) sa sepentye pike nou mete yo apa, le n fini nou pran yon bout bwa epi nou kase kakao a, depi, le nap kase depi se sa ki tro mu ki souke anndan kabos la , ki souke nou pa mete l ladan l, nou mete l a kote epi le nou fin kase kakao a nou menm nou mete l nan yon sak ki pwop epi nou fe w ti pezey li rann anpe dlo epi apre sa nan leu kooperativ la ban nou pou n pote l vini anpi nou vinn depozey nan kooperativ la, kooperativ la li menm li mezirey pou nou.

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran: Bon, m pase pou met...

#7 Garcon Suzette, Fi, 67 ane, 6 timoun, kiltivate : Bon, mwen menm son w granmoun mwen ye , m pa gen mari le w tandem ay nan jaden an m taye kek pye raje konsa men anle m paka fe anyen ladan l.

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : le nap gade, le nap pale de pwodiksyon kakao a, pou nou menm nou gen, ou met tande nou gen 50 pitit, nou met gen 10 pitit, ou met te we timoun nan fini lekòl, finn fe filo la l nan inivèsite se kakao a men sak pase nou ki fe nou paka jwenn plis avantaj nan kakao a, nou tap jwenn plis avantaj, pafwa depans la vinn twop sou nou ki gen bitasyon yo pafwa raje manh=ge anba yo, kantite pou n te jwenn nou vinn pa jwenn li paske nou manke posib, koman nou te ka ede nou antan ke sa ?

Se yon kesyon ou poze, nou poze w yon kesyon ou poze nou yon kesyon tou (ri), nap vini sou sa.

Non, nap redi w menm bagay la nou menm nou paka reponn ak kesyon sa a, nou menm nou pa gen pou n fe anyen, e nou paka fe anyen pou ou nan kakao a__ mesi__ men pi gwo bagay nou ka fe pou ou se ba w posiblite jodia pou w di tout sa wpanse, tout sa w vle, tout sa w ta vle, e done sa yo pral sevi pou pwodwi yon rapo en "bonne et due forme" ki pou pemet CRS deside pi byen ansanm avek nou nan komunote a, nan kooperativ la. __ Mesi__ .

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: Premye bagay map di, ou pa janm di nou kisa CRS la vle di.

M te di sa deja ou te resouke tet le m te di l, le n tap pale de, m te menm fe referans ak "ADRA", ki se yon ajans de devlopman ki genyen nan legliz advantis, CRS se "Catholic Relief Service".

Aprè sa...

Men kiyes ki plis vann kakao, fi oubyen gason ?

Piblik : Tou de

Youn aprè lot

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom : Tou de !

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : Ni gason, ni fi, paske fi gen eh eh proje ke nay, gason menm gen proje ke nay tou.

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: ou we kounye a la , gason pa kite fanm vannn kakao anko (ri) , kisa bagay la ye, pou nou kife kakao femante ki prepare yon kakao, jan w we kakao sa a ki nan soley la, m tap gade m tal Cormier semaine derniere, men tout moun m we k vinn vann kakao se gason, apenn sim jwenn yon 2 fi, ki pawol yon gason m te tandè ki te pran la pawol, m di oh ! men mesye depi m maten m we nap vann kakao la, nap pote kakao m pa we yon fi menm

non, m poko we yon fi menm, li di monche depi se fi a ki al vann kakao a say baw se li ou pran(ri) say baw, saw di w ou akseptey men kounye a vye fre depi nou vinn la, nou pote , nou finn keyi l nan lari a, nou vinn avey la a, nou peze afe nou, nou we kob la, se nou kounye a kap di fi a men (ri), men yo we konbyen kob la ye.

Koman nou vann li ?

Patisipan pa idantifye Tou moulèn !

Patisipan pa idantifye Alo koman w vann li, janw we m te explike a bagay la blablaba yo fe tri a depi nan chan an, gen de moun ki telman recu fomasyon en tres bonne li prepare pwodwi a depi nan chan an, sa vle di li peze l avek yon sak tre prop, li peze kakao a, li retire dlo su, ju sikre a yo retire l **avek sak ?** avek yon sak tre prop **koman yo rele operasyon sa a ?** euhh **li gen yon non, operasyon sa a ?** Bon son w fomasyon ke nou resevwa pa kooperativ la **Non, m te vle konnen eske operasyon retire dlo nan kakao a gen yon non** bon nou fe diminua.. **diminye, diminutyon dlo, nou diminye dlo a. paske nou poko jwenn fomasyon, ki kote, kibo pou dlo a pa pedi ,nou pedi dlo a, pase gen kote yo fe sevinetal pou prepare yon seri de bahay men nou poko gen konesans sa a.men nap avanse, nou deye l.**

Patisipan pa idantifye Le w finn peze kakao a, ou retire dlo a, yo vini ave l nan yon bokit ki tre prop ou byen nan yon kuvet eben moun ki konn ki responsab la selman li paret li bwase kakao a, li gade l, li supevize l, li gade eske kakao sa a, son w kakao ki merite pou mezire pou femante. Depi moun nan ki konnen an, li di w wi kakao sa a bon, se mezire, mezire l, ou konn kantite mezi liv li fe , yon mezire sou nan kinn, yon ti kinn ki me , kinn ti be yo, ki mezire 5 liv, epui le l vini kantite l fe a, yo peye l kob li, l ale epi teknisyen an ap mete nan bwat e le m gade ke (bri moto) pa gen anyen anyen, se yon bob bagay, yon bon prensip, nou we ke baay la komanse al tre tre byen, e si telman tre tre byen ehh se pa vantard ke nap fe youn nan kote ki bay pi bon pwodwi, bon pwodwi femante se la a, grand rivyer du No.

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Bon pou preparasyon kakao a tou , pou itilize fomil preparasyon an si moun nan pran tabak , li paka patisipe ladan l, siy bwe kleren li pa gen dwa patisipe ladan l , si moun nan tou son w moun ki renmen bagay divino, vye beny santi, komsi lap fonksyone, ka gen movez ode,

li paka patisipe ladan l, si moun nan gen pafen baay sa yo sou li, li pa gen dwa patisipe nan kakao sa a, si moun nan gen "florida", gen moun ki renmen flite ko yo avek "florida", li pa gen dwa patisipe nan kakao a. Sa a di kakao se yon bagay ki dwe antre sen, e soti sen.

Sak fel pa kapab ?

Patisipan pa idantifye : Ebyen paske lap kontamine l, le yo fe analiz depi gen baay sa yo, sedi ke pou blan an, pwodwi sa a li pa yon pwodwi de bonn kalite. Sa a di li afekte, kakao a afekte.

Patisipan pa idantifye :Sa a di le yo pase nan laboratwa,blan an limenm, semwen ave w ayisyen ki manje nempot bagay , li menm nempot sa, ou we nempot sa ou we blan an achte nan men w nan peyi Dayiti, pou l fe w fe yon kob, pou plezi w, pou fe w fon kob men li pap enterese ave l vremen m we sa, nan lot peyi.

Pandan ke se fi w, ou konnen fi yo plante kakao, kisa pandan ke nap pwodwi kakao a kisa ki pi difisil pou nou ? ___ le nap ...___ pa selman pou fi kesyon an non, li pou tout moun gen gason la tou ?

#4 Marcelus Noel,Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Pou plante yo sa ki pi difisil ___pa pou plante yo non, pou fi___se pa rapo a distans, ah ok !

Kite fi yo reponn___ fi yo ale_ou kapab reponn men komsa kisa k pi difisil pandan ke fi, pandan ke fi a ap travay men gon w bagay ki pi difisil pou yo.

Patisipan pa idantifye : Bon sa ki pi difil pou fi yo, fi yo , menmsi gen kek fi kife tantativ pou w fe w ti sekle men sekle a, li pa pou fi, moun te pye kakao a pa pou fi, ou konprann, le fini pote transpo kakao a, gon w seri de kantite kakao a, chaj la fi a ka pote yon ti kantite kakao men yon kantite kakao li pa pou fi , fok li ta gen mwayen pou pote, transpote kakao o, nan rezo kote la prale a.

Nan 3 sa a ou di la yo, si w tap klase yo , kisa w tap di k pi difisil pou fanm nan ___ egzanp ___ si w tap chwazi younn

Emonde kakao a___ **kisa k tap paret pi difisil pou fanm nan zafe kakao a ?**

Monche tay kakao a ___ moute kakao a, anh

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon: *M te di pandan fi, kakao a ap plante se pa sa w te di? ___ non nan pwodiksyon kakao a, kisak pi difisil pou fe , bay li egzaktaman.*

(Moun kap pale)

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Vreman se pa tout fi w ki ka monte yon pye kakao, le ehh pwodwi a bon se monte pye kakao a, pou fi a keyi kakao a ___ **se sak paret pi difisil?** ___ epi se emondaj la, le kakao a ehh bezwen fe tay, mwen m ta mande si te kek materyel komsa pou fanm yo menm, le yo bezwen kakao a, yo pata bezwen gason al keyi yo pou ou (ri), depi yo lonje gola yo, yo deja gen kakao yo.*

Patisipan pa idantifye : *Kounye a nou menm, nou resevwa yon zouti ___ mwen pa genyen ___ pou kapab ffe reket , ki pou kakao. Depi fi a konn, avek keyet nou gen kounye a , pou keyi kakao a, li fasil pou medam yo pase li koupe bwa en wo, anba e a kote nempot le w te ye, ou tyap epi kakao a tonbe ate. Men le w pran yon gol, depi w manche l nan gol la, blaabala...*

E gason yo kisak pi difisil pou yo pandan yappwodwi kakao, bay li egzat, sak pi difisil ?

Patisipan pa idantifye : *Mwayen (silans)*

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon: *___ yon lot moun anko, sak pi difisil pou gason? ___ eben sak pi difisil pou gason se sakle kakao a, pi difisil , netwaye kakao a, se li k pi difisil wi, (bri moto)*

__ Pou netwaye se pa mwayen pou w di (moun kap pale)

Men kakao yo se pouse yo plis pouse oubyen se plante nou plante yo ?

Nou plante

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *Nou « plis plante , ___ plante ___ ansyen pye ap mouri e an desedan jenn yo ap plante, men*

Nou kap tou ban ou prosesis koman plante a ?

Map vinn ave l pou ou

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *ok, mwen menm m te konn we papa m koman l te konn plante kakao lontan, i pa menm jan, i diferan de mwen menm etan teknisyen kap plante kakao. Papa m te konn plante kakao, nan deye bannan n, l leve, li donnen vit epa manti non, li bon. Men jodia nou resevwa lot fomasyonki montre nou koman, nou plante kakao. Si te w la, ou gen yon kantite de te, yon kawo de te, ou 2 kawo de te ou plante kakao ladan l, ebyen ou ka plante 3 pa 3, sa di 3 met pa 3 met. Wi le sa a enben kakao saa le w pran l soti pre nan pepinye a, li pase on semaine pou pi piti nan seuvraj.*

*E apre lot semaine nan ou plante l, koman w plante l, ou fouye tou a yon pye, kare kare, pronfonde a on pye osi, epi ou mete, ou koupe deye sache a, men pa bliye te ou retire anle a, ou mete l apa, a kote, fasad te sa a li frape soley la, gon w seri ti maladi ki deja, soley la déjà elimine l, men nan pronfonde a ou re, ou metete sa a apa, kounye a ou pral mete plantul la nan trou, ou koupe deye sacche a, ou fe yon ...selman epi w mete l legeman, le ou finn mete plantul la nan trou a, men fo w veye pou w paf e sa yo rele "pouritu kolet", ou pran premyeman kouch te arab ke w te retire apa ki te gade soley la, ou mete nan trou a, __ **Premye a, ou byen dezyem nan ?**__*

Premye a, epui si w vle ou ka mete yon ti fumye tou piti, lejerman epui dezyem nan ou mete l men fok moun nan kap plante plantul la, men fhh, menm kote ou we plantul la te ye nan pepinye a, nan sache a, se nan pozisyon sa a pou w fe te a rive epitou pa bliye, sa a lesan pou nou, pase gen moun ki plante kakao tre mal, epui ou kite yon ti espas, pou ke le lapli tonbe, ou byen le gen yon kouch te arab ki soti nan mon nan, li tonbe nan plantul la, kounye li pap fel anyen, o kontre son w lot nourriture nouvo ke plantul la pran, le dlo a tone ladan l, li desann nan te a, li pap sevi yon ravinn, yon ti ravinn oubyen ti erozyon e le sa a ou kap gon, wap we tout plant ap mouri pa w la ap rete.

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon: *Pou n kontinye prosesis la, le ou plante kakao, grenn kakao nan deye bannann yo ake le se pepinye ou fe, sa vle di la aou vinn gen 2 bagay diferan. Premyeman le ou seleksyone grenn nan ou santi ou plante yon bon grenn e grenn sa a, pa gen, pa bon pou li, epui*

tou le se seleksyon grenn yo ou pran, tet, grenn yo ki nan tet kabos la y opa bon, sa ki nan deye kabos la, yo pa bon, ke se grenn o milye yo pou w pran sa ve di ou sur ou plantte yon bon grenn. __ ya, ya __ Se sa

*#4 **Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate:** Epitou le w pra l plante , ou fe preparasyon plantil la, grenn kakao a, pati semans la fow lave kakao sa a, pou w retire suk la ki sou li a, pou w pemet ke kakao sa a le w finn lave l, ou fon w preparasyon ou mete l nan jemwa, swa w kouwri l a yon seri de ti bwa, le w finn siye bwa yo ou chache yon sak kolet, ou byen pay ki sanse komanse dekonpoze ou byen w mete yon ti te epi kareman ou mete grenn kakao sou li, se de fason ke le w, metey apre 3 jou, pou w ap bay dlo epi kakao a li menm li vinn pouse yon tij a vle di yo rele sa jemwa epi w mete kakao a nan jemwa le l pouse tij la pou w jwenn mwayen pou w konnen ki fason wap mete l nan sache a. demi pous de fason ou pa dwe mete l tro fon pase depi l tro fon nan sache a, kakao sa a li ka, li ka paka leve , li gen fason pou w rann li alez, po ke pye kakao sa a kapab leve.*

(moun ki touse)

Pou ogmante sa fre a di la a, nou menm le nap fe, prepare teren sa a, nou chache pou pou bef ki chech nou pile l, nou pasey, nou jwenn bon te, nou fon w melanj avek te a nou pral mete ehhe pepinye a, tiii sa nou retire nan jemwa a mete nan nan nan sache a, le sa a nou pa, li devni yon pwodwi natirel, pwodwi lakay, ki fe kakao a pi pwogrese, pi devlope, pi byen grandi.

Pandan nan moman sa a nou menm nap travay nap plante kakawo, koman nou ka konpare jounen travay pa nou ake jounen travay ansyen yo, granmoun lontan yo ?

Bon !

*#5 **Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate :** Nou fe pa nou an avek teknik, teknik granmoun lontan te konn mete l nan deye bannan_ vay ke vay_e l devlope, li leve, li grandi ,nou menm nou prepare kakao a, le nou kase kakao, kom ... sot di nou retire ni tet la, ni deye a, grenn mitan an nou pran l nou mete l nan w bokit dlo, nou lave l, nou lave l, nou frote l (bri chez) , nou frote l avan nou mete nan jemwa a , nou nou nou peze l, nou retire dlo a ladan l epi nou mete l nan jemwa a....**Nimewo 4...** Le l komanse pouse...*

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *Bon pou kakao a li menm, le w plante ti pye kakao a, pa egzantp ___konpare, konpare___ si nap konpare plante lontan yo, te plante pye kakao a, li grandi pou tet li paske yo te plante l san teknik, se konsa yo menm yo gen, yo te ka plante l, men nou menm kom etan ki etan ki gen fomasyon teknik, le nou plante kakao a, kakao a li menm pandan lap devlope, sistem nan mande se pou l devlope a 4 branch, pase depi ti pye kakao a komanse ap devlope, li rive nan yon laj, ou bezwen gon seri de ti dou, ti zouti pou w pemet ke, wap retire ti branch baleyaj yo, de fason pou pye kakao a grandi a 4 branch, son w mwayen pou pye kakao sa a ka respire byen, pou resevwa le nomal, epi pou kakao a dwe komanse donnen depi nan ko a, depi nan ko a pou kakao a , pou kakao a komanse ap mete kakao. Sa vle di si l resevwa le a nomalman, pye kakao komanse bay kabos depi anba jis li rive anle. Son w mwayen pou pa genyen sak rele branch lougarou pa monte sou li, le yo monte l al fon w kouveti anle nan kakao a sa pemet ke kouveti ki anle a, li bay yon lonm, sa vle di ke po kakao a pa chofo a ve di ke sev la paka paret, sa ve di ke se tretman sa a, teknisyen yo genyen yo menm ki fe ke, kakao bay pi bon pwodwi.*

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *(bri machine) Epi m ta di tou se yon prodiksyon depi nan preparasyon ti plantul la, li bezwen esclav pase se pa yon ti plantul wa pray mete la epi le w fini ou vire do w, ou kite l, pou w di konsa ke , lap pray bon, non ! Se pou w toujou ap fe esclav, pase kantan dlo a li ,sou w pa bay dlo li pap eh eh li pap bon, pase foy gen dlo e menm le ke plantul sa a li menm, li ta sanse bon, ou pra y plante plantul sa a anko, si ke gen soley ki frape l , ki bagay fow ta ta va rouzey tou, de kwa ke pou ti pye, ti pye a ta kap grandi pase siy pa gen dlo li pap grandi. Se yon bagay ki mande esclav anpil.*

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwononm: *Wi, li net netman diferan de lontan ehh kounya, paske granmoun si yo gon w pasel te ki te kapran 100 pye kakao, yo fel pran 2 a 300 pye, men kounye a nou menm si n ou gen yon pasel te nou idantifye konbyen pye kakao li ka pran e nap plante ak teknik e sa nou vle plante se li lap pran .*

(yon bri frape)

Nou tout ki la a se moun kap pwodwi kakao _ wi_ eske nou renmen tet nou paske nou renmen pwodui kakao, nou fye de tet nou paske nap pwodwi kakao ?

Piblik : Wi

Poukisa ?

Poukisa, se paske se kakao ki tout nou, ki tout viy la__ se li ki byen nou__ (bri frape ak telefon kap sonnen)

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Paske kakao a nou ka fe anpil bagay ak kakao a, le nou gade kakao a se pa selman vinn vann grenn kakao a nou jwenn kakao a tou nou fe kek transfomasyon tou , pase se li k pemet nou bwe yon bon chokola, e yo diw chokola a bon anpil pou intelijans, le timoun nan __ pou sevo__ al lekoy, li bon pou sevo epitou le w fe eh transfomasyon an, ou kapab fe dous , ou kapab fe like kakao, epi baay sa yo, yo bon anpil anpil anpil.E sak fe n we kakao a, se yon gran, gran, gran, gran pwodiksyon l ye pou nou menm peyizan yo.*

Bon mwen..

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *M ta di apre Bondye, kakao se lavi li ye pou nou planteu.*

Ok !

Hum hum(grate goj)

E timoun yo, kisa timoun yo, yo fe hm?

Timoun an nou? __ wi, kisa yo fe, ki ki sa yo fe nan jaden yo, eske timoun yo enpotan, di di n eske nou kapab di nou kisa timoun yo fe?

#9 Rene St Juste, Gason, 30 ane, 0 timoun, kiltivate : *Bien! Timoun yo enpotan nan jaden an paske le granmoun yo ap keyi kakao a, nou konn ede yo keyi e defwa nou ede yo ranmase kakao, de fwa granmoun yo konn ap fe lot travay nou kase kakao a, nou ede granmoun yo nan travay sa yap fe nan jaden an.*

#3 Saintis Alberte, Fi, 51 ane, 3 timoun, komesant :*Timoun yo renmen van kakao a, tout tan yo di w konsa yap pran w ti kinn pou yal van.*

#4 Marcelus Noel,Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *Sam vle anchene se sou afe medam yo,sou afe keyet kakao a, kote fre a li menm li te fe yon intervensyon sou afe zouti, zouti ke nou genyen yo se pa ,yo pa sifizan pou pemet ke tout plante jwen li pou keyi kakao a, paske le yap keyi kakao a, yo keyi kakao a tre mal,pafwa le l keyi kakao a, yo chire , yo rale kakao a, yo chire kakao a, ehhsa pemet ke le yo chire kakao a, kakao li menm li vinn tounen yon pwoblem , pwoblem ke l poze paske kakao a se nan kabos la , kote yo retire kabos la , kolet la la le w chire l, kote pou l ta pouse sev la sa pemet li paka pouse sev la, li vinn devni yon blesi nan ko a pye kakao a, sa vle di ke pou nou menm, si nou pa gen ase de zouti ki pou pemet ke plante yo itilize pou pemet yo keyi kakao a ehhs li ta, m pa konnen koman lap fe ou byen....*

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Wi, epitou m kapab konplete tou , yo di ke le kakao a ap fleri , gen pafwa, kakao ap donnen, lap fleri, le moun nan monte pye kakao a, epi tout fle ki te genyen nan branch,nan pye kakao a, epi pye w, fe tout tonbe, sa fe ke se yon pwodwi ou pedi e sak fe ehhs si gen materiel pou ke kakao a plis keyi lap pi bon pou moun yo pa monte pye kakao, pou yo perdi pwodiksyon le fle yo tonbe.*

9 Rene St Juste, Gason, 30 ane, 0 timoun, kiltivate : *Sa ke m obseve nan le wap fe _pou timoun yo, pa bliye sa_ kakao a, wi,le timoun yo ap fe keyet kakao a, gen de fwa, yo keyi kakao yo vay ke vay , yo ka chire kaka..ehhs kabos la, nan ko pye a _po a _wi, yo ka, yo chire ko pye kakao a, ki pa bon pou pye kakao a paske nan menm ko..menm kote ou sot keyi yon kakao a, se la li pral bay yon nouvel pwodiksyon,*

6 Baptiste Julmiste,Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwononm : *(bri moto) Pou kontinye proses la, non selman, yon nouvel prodiksyon, epi se la tou kakao a komanse malad, pase depi ko a chire, lapli tonbe li vinn gen dlo, yon ti dlo ki antre ladan l epi ko kakao sa a komanse malad, depi l komanse malad,le sa a ou met sur e seten ke pye kakao sa a lap gen pou l elimine kanm menm.*

Nan afe pri ak vant kakao a, eske nou..kapab di nou koman sa ye?

Ki pi gwo problem nou genyen avek pri a nan zafe kakao a?

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom : *Ehh, pi gwo problem nou genyen nan zafe pri a, yon tel pwodwi konsa, se nou ki ta dwe fe pri a__ we, we__ men se yo ki ap ban nou pri, sa ban nou yon gro pwoblem, gwo problem, gwo problem e se sak fe nou menm jan poun te benefisyè a, nou paka benefisyè kom plante (0:46:32) kakao, se sak ban nou pwoblem.*

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *Pou pri a, se komsiman ta di w , nou gen pwodwi a, yo achtey, yo pran l nan men w, yo bay sa yo vle paske se yo ki enpoze w, yo di w y achte l tan , yo ba w tan men ou menm ou pa konnen pri a egzakteman, kakao a son w bagay ki koute ebyen saw bagay ki koute, le w vann yon rejim bannan se ou k vann li, ou vann li 200 goud, ou vann li 300 goud se ou k fe pri a, men le w pote liv kakao a, moun nan vini li di m baw 25 goud, m baw 10 goud men ou menm ou paka konnen si se 100 goud, si se 150 goud liv kakao a koute.*

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *Pwoblem nan se nan nou menm plante sa ye, dezyem bagay la, leta! Jou leta pran travay li an men, kounye a se oganizasyon yo kap goumen pou kakao a gen vale nan lot peyi, se sel ti kakao a wi nou genyen kom referans_ kom resous_ pou lot peyi , kounye a jou nou menm plante haitien , nou tre sousye, nou prepare pwodwi nou tre bon e se flate pou yo vinn flate nou. Kisa kap pae jodia nou menm kooperativ nap batay pou n gon bon pwodwi men genyen tou ki ale nan te a, nan sab la, nan lakou a, komsiman son w pwodwi ki pa gen okenn valeur, men jou nou menm plante ayisyen nou rekonet nou , na va bay pwodwi nou an vale le lot peyi bezwen achte nan men nou antan k achteu, se flate pou yo flate nou e se nou kap bay pri pa nou . Jodia se yo k pou ba nou pri, yon jou se nou ka gen pou...mwen ma mouri wi, se nou kap gen pou bay pri pou kakao a.*

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *Epi souple, dapre kakao nap pale de li a, se pa la nou ta dwe ye non, nou tout ta dwe gen soulye nan pye nou, n ta dwe gen gro chapo lenn nan tet nou (ri) men pouvi ke yo fe sa yo vle ak kakao a, gen konpetisyon nan kakao a, yon pati ap pran y, bon si nou ta di si kakao vinn gen yon ti vale se gras a kooperativ, si kakao vin note y ye a, li tap pi ba, chak semen, yo desann li, li te 5, yo fel 2 goud, yo fel 3 goud, yo fe l goud edmi, ebyen se gras a kooperativ ki vinn bay kakao yon ti pri kif e nou ka vann li yon ti pasab, men dapre kakao se pa konsa nou ta dwe ye.*

Eske ...

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : Bon pou pri vant kakao menm, nou pa janm konnen pri vant kakao menm, pase sa ke yo vle baw vremen se sa yo baw, e se kom si se kooperativ, ki fe ke nou jwenn ti pri ke nou jwenn nan kakao e mwenn m we si , kom m we nou sot pale anpil anpil de kakao, kisa kakao fe , m we ke si nou pa gen yon bon pri nan kakao a, m we se lave men siye ate.

Eske w renmen tet ou kom prodikte kakao ?

Piblik : Wi _ **Nou poze kesyon sa a deja__Pharrel nou poze kesyon sa a deja** (gro bri machin)

Eske kakao se yon pwodwi ki enpotan pou nou menm ?

Piblik : Wi, anpil, oh anpil anpil__ sa se pa nou

Li menm ki pi enpotan pou nou nan zon nan ?

(moun kap pale)

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: menm ke m pale konsa m pale pou tout moun apre sa nap reponn menm jan.__ Pou lontan kakao pat la, nou te gen zoranj, tout te konn pale de zoranj "bonami"e depi w tande pale de zoranj bonami a, son w zoranj ki tre sukre, e non selman ou bwe ju a, menm ma a ou mange, jounen jodia zoranj__ elimine__ m pa di elimine net, preske elimine men nou gen kakao, e m sot di le m tap komanse m di n ke n komanse kakao a, ave l menm swete ke yon jou fok kakao a devnu patrimwan nasyonal, poukisa ? paske tout moun, ou we jodia nan grand rivye du no, depi w gen w ti te, li pa gen yon 3, 4, 5 pye kakao ladan l, te sa a pa gen vale, e depi gen sa a ladan l wap anfeme l, wap ipoteke l, wap achte tre cher.

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Pi gro resous nou te genyen kom plante se te kafe (moun kap pale), se kafe ki te pi gro resous pou nou, nan peyi Dayiti. Depi nou pa konnen sak pase, kafe vinn konw maladi ki tombe sou li nou pedi kafe ,men kom Bondye se Bondye li ye, li gon le pou chak bagay komanse, li gon le pouy fini, kafe fini, li ba nou kakao, sa vle di pou nou si nou pa te gen kakao nan peyi Dayiti, sanble peyi a ta pray sanble yon deze, l tap tounen yon deze. Kom konfre a di zoranj lan vremen se youn nan baay men kounye a, nou komanse pedi zoranj nan peyi

*a pase tout zoranj mouri, la si nou pedi kakao konsidere nou pedi tout vi nou. **Kakao k pi enpotan pou nou ?**__ se kakao k pi enpotan pou nou pou le moman.*

Ou we, eskize wi..

*#10 **Eugene Arnold, Gason, 79 ane, 6 timoun, kiltivate** : Ou we kote nap pale la a, m ka gran pase n, nou tout ki la a...kakao a kounye a m di se yon bagay ki"ta buen"(ri) men le moman ke m te fet la, kakao te anile, tout mesye le yo al sou kawo de te a, tout te koupe kakao, se zorany lan , bannann nan yanm siginn nan, yanm kwedek la, se te li te lorea, kafe osi byen, kakao a tout moun te koupe kakao a yo kote yo rete pase kom yo pale la a yo pale byen si se pa gras a kooperativ yo, neg ou tandè kap achte a, se te zero bare men kounye a gras a dye mesi kooperativ yo te fonksyone a , sa fe nou plezi men pa meprize anyen ke nou tout ap benefisyè pase kounye a m we gras a Dye mesi nou gen" setenta y nueve" m pa konn pa la syek (ri) e m genyen, pa ri wap fem bliye, m gen 2reto, yon filozofi enfimye granmesi kafe, bannann, yanm sigi, yanm e blablaba...kakao a se kounye a li pou nou menm se li ki premye, men mwen li pa premye pou mwen non, paske lotre jou la a, m gen yon kawo te m t achte, 400 goud nan plan NOVELA blablalalala te achtey, lesivye vinn mouri, li kite lamo prany..... 56 mil dola sak te ban mwen l ? bannann, kafe, zorany e sak fel vann pri sia, li gen lajan, li gen tout fwi ladan l e juska no jou , li gen chadèk an mwen, li gen lam veritab an mwen , li gen pye kokoye an mwen, li gen pye kakao an mwen, li gen pye bannann an mwen eksetera, li gen valeu , 400 goud kawo te a tachte men lot jou m vann..., mache l pou 56 mil dola, tout bagay gen enpotans an li , ou we la fam se yon bagay inespikab (moun kap pale anpil) pa kontrole di fam pa bon se nou menm ki pa bon tout sa nou te genyen ki te pase, pa meprize l, sak vini kounye a, an nou brase l.*

Apa de pwodwi sa yo nou sot site la a, eske nou pa gen lot pwodwi , ke nou menm nan zon grand rivye ke nou genyen ?

Anana , apre kakao se anana_ bannann tou

Apre kakao ki ap ba nou kob, va vle di apre se anana a?

Bannann, pistach, pwa

Ki lot pwodwi ke..?

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : *Bannan, zoranj...*

1 ou gen yon lot bahay wap di?

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom Pistach nou pa pale de pistach nou lonmen la a non, e gwo pwa nou pa pale l__ gwo pwa, wi__ pistach, pwa , mayi__ **len apre lot fe menm jan an, ok__**

Aprè sa a gon w lot bagay ki ba nou , ki enpotan anpil, ki ba nou anpil lajan men se pa tout moun ki ka itilize l, yanm ginen, se yon yanm ki vann anpil, ki vann che __ ah wi__ anpil, yanm sa a yo rele l yanm ginen an.

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Gen yon pwodwi nou te konn fe mayi, men kounye a nou paka fe mayi anko, paske lontan le yon moun ap plante 2 gode mayi wap rekolte barik__50__ mayi, kounye a siw plante de gode mayi menm pou pou l_ ou pa fe de gode_(moun kap pale) ou paka travay.*

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : *Kounye a m sim travay anpil, men kounye a m vinn we blablabla m preske dekouraje ave l, ou plante mayi ou pa fe mayi, ou plante pwa a pafwa e lapli, ou finn fe pwa a, lapli gate l, pa fasil pita se lapli, men kounye a la a la pli pa tonbe, komsa bagay yo se pizanpi ou we tout bagay se fini yap fini , m we sel sa w gen kounye a, nou gen kom espwa menm sel kakao __kakao__ a*

Hum!

Kounye a ann pale de kooperativ la non

(silans)

Koman kooperativ la ede noun an pwodiksyon kit se plante, kit se rekolte... ?

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *kooperativ la li menm, apre Bondye siy pa te la, kakao a le te konn ap prany, le kooperativ la pate la se 25 kob, 3 gouden yo te konn achte liv la, premye le kakao ap vann , yo te bay yon ristourn kakao te bay li 5 goud, peyizan te rele anmwye telman yo te kontan, yon te touché yon*

bon kob, an 81. Kounye depi zon 81 kooperativ la ap fonksyone, kakao vann, liv la vann 3 goud, li vann 3 goud edmi, li vinn 5 goud, li vann 4 goud edmi, li vann 7 goud, li vann 8 goud, kakao vinn moute a 25 goud anndan kooperativ la, gen kote a led de kooperativ la gen moun k achte kakao a 35 goud gras a kooperativ la. Adi si nou pate gen kooperativ, sa vle di ke nou, nou pata ke fe frekan pou n pale des yon liv kakao menm pase nou pa tap ka___ se koupe yo tap koupe kou nou.

Nou konprann sa w di, m vle ou dim plis toujou, koman li ede nou ?

Koman li ede nou se paske li emn li cheche mache pou nou, yo achte kakao a nan men nou, byen ke y opa ban nou pri a, epi le yo retounen yo gen yon pousantaj li ban nou nou santi nou ou konnen , nou reziye nou ake sa yo ban nou an, nou pran l, pase se yo k ban nou(ri) se pa nou kife pri a.___ **OK !**

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate , nou menm le , lepwodiksyon an soti nan men w, le l vini li di w men yon sam baw, moun nan sanse vini li diw men sam baw ou blije reziye w ake sal baw la, men an ou menm le yon baw te kob sa a, li pou tout travaye kap travay nan glasi a, travaye kap travay tout andedan, tout sa se nan sel kondisyon an li soti, le yobaw ti kob la pafwa ou vinn preske responsab, komite a preske pa konnen sa ki fet la, nou,se sel pwoblem nou santi ke sa, nous anti sa yo gon w ti pwoblem ladan l.

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate ___ se koman kooperativ la ede nou nan pwodiksyon an, kit se plante kit se...

Bon, nou menm le nou vann kakao, nou menm nou pa vann kakao nan kooperativ, nou depoze kakao , le w depoze kakao, yo baw on ti kob pri key vann nanmen atestan ke le kakao finn prepare, finn seche , kooperativ la voye l al vann lot kote , le yo finn vann li, yo retounen, le sa yo yo bay yon ristoun , se nan fason sa a li ede nou kom planteu.

1 ___ poz, poz... wap di yon bagay # 2___ wi !

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, jeran: M tap di kooperativ la li ede nou ak kek fomasyon tou , paske pou fe, pou fe eh eh, an nou gade pou w fe ti plantil sa a, epa konsa yon moun ka rete pou way di ou pral fe yon pepenye men pou kounye a pou w fe pepinye a, fo w gen kek fomasyon ou paka fe pepinye a, epitou nan tout lot

domenn tou yo konn ede nou ake ___ **lot domenn yo fo w ta di nou yo, pase nou pa konnen sak rele lot domenn**___ (ri) fomasyon sou eh eh ___ **ou gentan di fomasyon**___ jesyon, ___ **toujou nan fomasyon, anhh ok ! m panse se yon lot bagay apre fomasyon an**___ yo fe demach , yon jwenn kek enstitisyon sa kounye a yo ede nou nan fo fo ak fomasyon se jesyon, pase si pa gen jesyon kooperativ la pap mache, **ok !**

#6 **Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon:** Epi kooperativ la a, li ede nou anpil paske li mete des zanimate pou fe desantralizasyon zon yo, tout kote manb kooperativ yo ye, pou reyini yo an ti gwop, pou fe fomasyon pou manb yo.

Ki lot fason ke kooperativ la ede nou anko ?

#9 **Rene StJuste, Gason, 30 ane, 0 timoun, kiltivate:** Kooperativ la ede nou pou n kapab konnen kijan pou n fe plis pwodwi, paske nou genyen system grefaj ke yo montre nou fe pou n kapab gen plis pwodwi, epi pwodwi a kapab donnen plis tou.

Eske kooperativ la, li bay sevis a komunote a tou, epa Selman avek manb yo?___ wi___ ki sevis li bay a komunote a?

Nou kapab pale de...

#9 **Rene StJuste, Gason, 30 ane, 0 timoun, kiltivate:** ___ **pale pi fo**___ ...tuyo ti trouve l deyo a, se kooperativ la ki depoze, ki mete li, pou kominote a kapab jwenn sevis. (silans)

Men kisa nou panse ki te dwe fet ki pa fet ?

(vwa patisipan nou pa idantifye) Sa nou gen ki te dwe fet kip a fet, ___ **nap pale de kooperativ**___ de kooperativ la, ki te ka ede jenn nan katye a, jenn yo nan zonn nan nou gen izin sa a ke prezidan an te vinn fe pou nou, kip a mache ___ **kiyes ki te vinn fe l ?**___ prezidan an, mesye prezidan an ki te vinn ___ **anh ok**___ ki te vinn fey ke kipa mache, nou te gen yon kob , swa pou te te bay pou pwodwi pou leta ayisyen te bay pou achte pwodwi pou achte nwa pou vinn moulen pou fe baay yo, men apre tout ti mesye nou gen nan zonn nan, yo te finn , yo te finn enh koman m ta di sa, yo te finn aprann

koman pou yo fe tout bagay, men apre sa tout bagay rete la, anyen pa mache anko...sa te ka ede zonn nan.

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonon: *Sa kooperativ la te pou fet, te dwe fet kip a fet, gon w seri de gran prodikte, map redi sa anko, ki gen anpil kakao, tre lwen menm si va pa ta tout manb yo, men prodix, prodikte sa yo, kooperativ la ta dwe jwen kek millet, ou byen kek cheval kek bourik pou te sekoure prodikte sa yo desann ake pwodwi a vinn nan kooperativ la.*

(silans)... anyen anko ?

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : *kooperativ la li menm, sa ke li anvi fe ke l paka fe, se yon (moun ki touse) gen yon fon pou satisfè planteu yo a” tous les points de vue”... (bri chez, moun kap pale)*

M ka pale, banm yon ti pawol

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *Pou m konplete misye, kanmarad la, youn nan pi gro gro gro pwoblem nou genyen, tet chage, andan kooperativ la anve manm nou yo, gen yon plante ki gon w pwoblem, swa on lanmo, swa on maladi epi, men li gon w ti moso te, yon ti parcel te, pafwa se sel li l gen pou l viv, li oblige pral ipoteke l, ou byen l pra y vann li pou l fe sa y gen pou y fe a, men nou pa gen yon fon ki, yon fon ki dispoze pou sa pou ede plante nou yo, sa fe ke pafwa yo pedi ti avantaj vann kakao a yo, yo pedi lot avantaj, se pwoblem sa a nou genyen nou menm.*

Kiyès ki ka antre nan kooperativ ? __ ki kalite moun ? __ kimoun ki ka antre nan kooperativ oubyen ki kondisyon pou yon moun vinn manb?

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *Premye kondisyon an fok ou se yon prodikteur, dezyèm kondisyon an fok ou son w moun tout moun nan katye a rekonet ou son w moun ki pa janm kondane nan okenn move zak, ki ka okenn move dosye, e ki rekonet tou ki son w sitwayen nan zon nan, enben depi ou enskri ou bay pa sosyal ou, ou pase nan sek detud, ou “digne d’être membre” pou kooperativ la. M pa konn si gon w lot bagay lot moun ap konplete.*

#2 **Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran** : Fok ou se yon moun tou ki konn sa yo rele kolaborasyon __ok__ (anpil vwa kap pale)

#4 **Marcelus Noel,Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate** : Pou yon moun manb nan kooperativ, premyeman fo l peye dwa dantre, fo l peye dwa dantre epi fo l bay pa sosyal selon prinsip la, si se 50, si se 40 li bay li, pou li li menm pemet li gen dwa patisipe kom manm__ **sa ki 50, 40 la...50 kisa?**__ (ri), hein ! 40 dola, 50 dola alo kom di se 250 goud__ **250 goud pouw peye pou inskripsyon?** __ pou enskripsyon__ ou peye 50 goud kom dwa dantre apre sa ou peye 200 goud pou fe kane pou ou, pou patisipe kom manb nan kooperativ la.

Epi m ka di tou...

#2 **Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran** : ...m ka di tou pou moun nan manm kooperativ la foke moun nan rete nan zon nan, ou pa ka al pran yon moun yon lot kote pou w vinn manb nan__ le w di nan zon nan, nap pale de... ?__ grande riviere du nord__ grande riviere du nord.

#6 **Baptiste Julmiste,Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom:** Bon, m we di yo di, tout sa m ta pral di a, m we yo pase la __ ebyen ?

Wi, dapre kote fre a pale la a,se de kesyon diferan Pou mwen menm li pale byen, la sel choz, gen de kesyon yap poze wap reponn (vwa moun kap pale nan telefon), 50 dola a, blablalablabla __**pale pi fo fre**__, se pa yon 50 dola ki pedi, 50 dola sa a li la pou yon pot kap ouvri pou ou siw gon w pwoblem, sa gen 50, sa a gen 50, sa a gen 50, sa a gen 50, sa a gen 50 depi tout pa gaspiye,tout pafe acha men si w gon w pwoblem tou, yo ka mete w deyo wi, men fow pran legal, e baay lajan, men siw diw manb epi w pa gen 5 kob nan depo a (ri) ou mete, ou mete, ou mete, ou mete mwenm pa mete __bravo__ si m gon w pwoblem yo pa ban mwen_ yeah_ sa m pral di__, fre a paka bay blablalabla...(ri) kob la la se kob an nou (ri), si w gon w pwoblem, gro acha yo kap fet la a, pra l gen plenya pou ristoun nan, men sin te gon w kob pesonel an nou, ki te ban nou louvri acha a, apa de FECANO eben nou te lorea,nou te lorea wi__nou tap granmoun__ ahhhhh, ou konprann.

Men ki kalite moun nou pa vle, komsi moun sil ta di ok li di li vle vinn ladan l men nou pa vle moun sa a kom manb nan mitan nou?

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Bon moun nou pa vle, yon oganizasyon son w bagay sosyal e se respe youn pou lot foke ou pa gent ou nan manch, yon moun ki pa vole, e son w moun kip a nan tout eskandal nan lari a, moun kap fe de ran ou konprann, e son w moun ki respekte ran sosyal li, se moun sa yo k ka patisipe nan oganizasyon an.

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : Pou w di w...pou w kapab di w manb fo w son w moun ki respekte le demen si dye vle menm jan mesye yo prezidan , gen komite, demen se ou k ka manm komite tou, ou ka yon prezidan kooperativ la, men fok ou son w moun ki prop, fow prop__ **le w di prop la fo l byen benyen ?**__(riii), fok son w moun ki pral bwe lajan an, bwe lajan pep la, ou we lajan an manm yo pou w pran l pou w konnen se la a pou achte bel machinn, se la pou w achte bel kaya w, non li pa konsa.__fo w onet__fo w son w moun ki konnen, se sak fe n oblige pa pran lot moun lot kote ki pou vin kraze kooperativ la nan men nou__ditou__.

Nou pa gen anyen anko ?__ eske gen transparans nan kooperativ la, le nou pale de transparans eske komisi tout sa kap pase tout manb yo okouran ?

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : Wi, tout sa kap pase tout manb, tou manb yo o kouran, si ke pase gen reyinyon ki fet chak twazyen dimanch si ke yon bagay ap pase, mwen m pa konnen davans men akoz de reyinyon ki fet chak twazyem dimanch yo , moun yo vinn nan reyinyon epi yo di ke tout pwwen, tout sa kap diskite devan moun yo , si yon moun pa konnen sa kap pase se nan reyinyon li pa vini.

E se, e se sa menm ki pemet, sekrete a fe yon prose vèbal, le ke moun yo vini yo li y devan tout moun ki pate la. Si gon w bagay ou pat renmen ladan l ou gen dwa...(bri chez ak bri moto)

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : Euhhh se pou sa ki gen des zanimateu, epi gen 13 ASL, pitit kooperativ la, ki groupe lot kote tout sa ki pase pou yo deja konnen l, depi gon w bagay ki te pase la a menm si nan twazyem dimanch du mwa a yo pa ta la, men li gen le yon dat chak mwa yo reyini pou yo asanble pou yo di tout sak pase, nou tout déjà okouran tout sak pase anndan kooperativ la.

Ou ka di nou kisa ASL la ye ?

Piblik : Asanble Lokal

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *Gon w bagay ke m ka we, pa egzanp nou kapab yon bagay ki ka rive , pa egzanp apre midi an la a, federasyon an rele m li di prezidan ou dwe chwazi 3 moun pou w voye potoprens, map reyini komite administrasyon pa m nan m poze pwoblem nan ave yo, kounye a la lem finn prezante nou, nou pap gentan we asanble men nou menm nou pral chwazi moun yo, kounye a la malgre nou chwazi moun yo ,ley gen rankont nan asanble nou oblige prezante bagay la, yo moen tou yo okouran de chwa ke n te fe a, paske sa te ka rive , se sak fe nou mete yon komite, le w mete yon komite , gen de ti bagay ke w pa bezwen reyini asanble e ke komite admistrasyon an limenm li deside, men sa pa vle di ke le w finn deside men sa pa vle di le w finn deside ou pran afe a pou kont pa yo, le gen rankont yo pral prezante devan asanble pou w di men chwa ou te fe, e le sa a, tout moun ap okouran.*

Eske komsil tout antre kooperativ la nou ,komsil manb yo konnen antre yo ? hum

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *Wi, paske denyeman la a gen yon manb ki te mande m pou m te prezante devan asanble kane bank kooperativ la, oneteman m te baypou te fe moun yo, mwen menm m te di sa, m te di kantite kob nou genyen m pa di se paske yo pat kwe non, men yo menm yo te we ak 2 grenn ja yo, ese se vre sam di a, m te pase pasa, ehh kane a pou tout moun te we, pou te verifye wi, se sa m te di a se la verite.*

E ristoun nan kisa l ye menm?

Ristoun nan..__nimewo 1__ 2!

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Ristoun nan se benefis ke w fe, sou kakao ke w achte a, le w fin achte ou fe depans, ou fin retire lajan ke w tachte ou retire depans ke w fe, epi rete yon ti benefis, konsa tou li ka benefis li ka pet toueben se ak ti benefis sa a kounye a ou kalkule ehh tan liv kakao ou tachte, men konbyen ehh ou ka bay sou chak liv kakao de yon prodikite vann.*

Sa a son w responsab, sam bezwen konnen ristoun nan, prodikite pa nan tout bagay sa yo ou di la a, prodiktte sa kakao li fe, li vann kakao li gon w

ristoun, pou li menm kisa k ristoun an. Paske wap pale de depans prodikite pa fe depans, se sa ase repons kooperativ, ki nan depans, achte prodikite li pa kon bagay sa yo, men pou prodikite a, manm kooperativ la, kisa ristoun an ye?

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: Yon benefis! __ 1 ou sou poz __ (ri)

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agronom: Ristoun an yo reprezante yon benefis pou prodikite a, paske li te vini ak pwodwi a, li depoze l nan kooperativ la, kooperativ la ann li pou li, li bay manman lajan y men apre gen yon lot etap ki sere pou li, sa vle di sa plante a jwenn kom ristoun nan se benefis kooperativ la fe, limenm kounye a li divize l pa tout plante ki te vinn depoze pwodwi nan kooperativ la, li te vann pou li.

Eske nou gon, yon esplikasyon kle komsa pou m ka konnen , pa egzamp nap pran yon echantyon, m vann 100 liv kakao, e pa liv nou achte pa vre __ wi __ ok, yon prodikite vann 100 liv kakao, konbyen ristoun lap genyen ?

Konbyen ristoun, lap genyen ? Bon si yon prodikite vann 100 liv kakao, sa depan de benefis la ki vinn jwenn kooperativ la, kounye a la limen kooperativ la, ap ka gade konbyen kob la ye epi kantite plante ki te vinn vann li kakao epi yap yon evalyasyon pou yo divize y pou yo di bon map bay tan a chak liv __ kakao __ kakao, sa vle di se yon plante te vann 1.000 liv kakao si yo bay ristoun nan yon goud eben konnen plante sa a lap genyen 1.000 goud, e se konsa tou si yon plante te vann 5 liv tou ou konnen wap gen 5 goud sa a son w egzamp.

M ta di ristoun an , konsa ou te voye vann kakao a, ou te depoze kakao a, yo baw manman lajan w 1 yo vannay, yo retounen on ti benefis ba ou.

Ristoun nan se kantite liv kakao...

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : ...kantite liv kakao ou te vann, ou te depoze, kounye a la yo vinn vann pwodwi a, yo kalkile depans ki pou fet, kounye a si li gen benefis ki fet , yo retounen benefis la baw, chak plante kantite ou te vann, yo baw li pa kantite liv ou te vann.

Epi m ka di tou...

2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Ristoun nan li menm se yon ehh ankourajman, sa vle di ke le ou bay pwodikte a yon ristoun si yon kantite liv kakao ke li vann nan__ou se prodikte ou byen dirijan, wap pale kom dirijan ou byen kom prodikte ? Kom prodikte__ si w konn prodikte ou paka nan nou bay, ou se prodikte w ye__ wi !__, se pa ou k deside sou ristoun , pou ou menm wap pale jan l ye pou ou , ou se prodikte ou paka ap pale pou w dirijan, kounye a le nap mande dirijan an koman l fe pou l bay ristoun lap ban ou tout atifis tout kalkil, men ou menm ki prodikte ou resevwa yon ristoun, ou konprann li, saw resevwa a se li m bezwen w explike m, sal ye pou ou, koman l rive sou ou, koman w konprann li (ri), ou pa konprann__wi__*

#2... Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Eh bien se sa menm , kom si le l rive sou mwen m santi m kontan, m ankouraje pou m ka bay kakao m toujou nan kooperativ la, pase si map bay m pa jwenn yon ankourajman ebyen sedi ke (ri), m pap bay anko, m pap ka kontinye bay anko.*

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : *Anko, le dam nan ap pale konsa depi w ou finn bay kakao a, pafwa yo bay ristoun nan dapre jan ti benefis la yo baw la ye, gen nou konn ache kek bet, ou ede nou a k timounan yo, nou konn achte kek bagay, gen moun ki konn femen te anko ak bene...ak ti benefis sa a ou tandè a, li ede nou.*

Eske sa konn rive ke nou vann pi nan yon ane ou byen nan yon sezon, y oba nou ristoun epi le ristoun vini nou pa konn rive kote nou ta swete, oubyen nou ta vle plus ke sa ki vinn jwenn nou ?

Piblik : Wi __ tout moun ta vle plis__se sa nap tann

Sa nou fe le sa a ?

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : *Nou vann plis pwodwi__ nou vann plis pwodwi. Le sa a tout moun, nou te met gen 2, 3, liv nou, yo, tout moun ankouraje, kounye a pou yo pote l vini__ men nou pa vann kakao en reyalite nou depoze l__*

kiyes ki vann, mesye saa ki vann, anhh kooperativ ki vann ?

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran :Bon, nou menm kom se depoze yo depoze gen yon achte ki achte ki vinn pran pwodwi a nan man nou , nou depoze pwodwi a, bay achte a, achte a li lal vann, se achte a ki konn konbyen liv li vann, li le y finn vann li pa retounen fich dacha a, ou byen fich de vant la ban nou poun konnen konbyen liv kakao a vann. Sa di piske nou te bay pwodwi a nou pat...nou paka fe anyen ake l, nou se plante nou ye , seke nou eye yon benefis, nou oblije satisfè, a sa ke yo tounen ban ou an men se nou tap konnen si se te nou ki te vann pwodwi a , ki te fe pri pwodwi an nou, ke nou konnen n te vann se nou k tap konnen ki kantite benefis ke nou menm nou gagne pou pwodwi a, men piske nou bay pwodwi a, a federasyon, bon federasyon li lay vann le l vini , li pa tounen ehh fich de vant la ba w pou di men chak liv kakao vann tan nan peyi etranje, nou le yo vini yo di nou ok, yo te vann kakao eben ok yo retire tout depans nou men sa nou gen kom benefis, ah di si se yon goud yo di ke w genyen kom benefis, kom ristoun kap tounen pou ou, ou oblije akseptè l, ou pran l ou satisfè ake sa yo pote bawla, paske se sa yo pote baw, ou komprann men ou tarenmen tou si yo te baw yon ristoun ki__plis__ te koute 20 goud__li tap pi bon__ ki te kote 30 goud li tap pi bon pou nou, le sa a nou tap santi nou pi avanse.

Men eske sa konn rive tou ke nou mande yo, oubyen nou cheche konne konbyen liv kakao a vann ?

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran :__ non okontre...__**nou pa konn fe sa ?** nou toujou ap cheche konnen men li pa rive__**ou pap jwenn li fasil ?**__non. **eske nou konn mande sa ?**__nou mande l menm l pa rive__ **kiyes nou mande sa ?**__ nou konn mande moun kay vann pou nou an(ri)__ E pafwa gen manb ki konn vini tou, yo toujou ap cheche konnen , gen manb ki konn vini nan reyinyon le 3^e dimanch , se le sa a nou fe reyinyon, nou toujou ap poze kesyon sa a, yo toujou ap mande men fòk nou konnen konbyen kakao a vann__**konbyen liv la vann a letranje ?**_. Wi. Ok

Donk nou genyen, ou konnen nan pwoje filye kakao CRS genyen an ki ki komasne men pouvi ke nap travay pou yo la a, nap fe etud pou yo, li komanse, men pou menm prodikte nan tet pa w, li poko komanse pase sa w bezwen an saw wap tann lan li poko rive sou ou, eben kounyala, ou kap di m 3 bagay ke w ta renmen ki fet nan proje sa a pou ke kooperativ la,

prodikte yo ka rive satisfè, 3 bagay menm si gen 50 banm 3 bagay ou panse k pi enpotan k ta kapab fet ___ bay li jis___

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom : Fon de roulman donk gon w fon de roulman , 2. preparasyon tout jaden kakao yo, 3. fomasyon adekwat pou tout animate

Kiyès kap pale anko ? ___ 3 bagay

Mwen sa m tap di a, prezidan an déjà dil

*Nan 3 bagay la se menm bagay la, pwoblem fon de roulman, pase o tan de fwa ke nou gen plis lajan, ou ka bay plis timoun manje, ou gen mwens lajan ___**3 bagay, 3 bagay**___ timoun yo pap janm ka manje vant plen, yap fe saliv si nou rive yon le pou n sispann fe saliv, nou rive nan yon le pou nou ta manje vant plen.*

3 bagay just (anpil pale nan piblik la)

Donk kisa nou ta swete pou timoun pa nou , kisa nou ta renmen yo ye ?

Sa nou ta renmen timoun an nou ye...

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : sa nou ta renmen timoun an nou ye, nou ta renmen timoun an nou rive minis, nou ta renmen yo rive senate, nou ta renmen yo rive paste, nou ta renmen yo rive ___agwonom___ elatriye, agwonom ___enjenye eksetera

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom : Sa n ta renmen timoun an nou yo, m ta renmen yo viv de pye kakao a menm direkteman.

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : M ta renmen pou mkapab fome timoun an m yo, menm jan mwen menm mwen se yon prodikte, demen tou yo menm pou yo sanse, yon prodikte tou, menm si yo te rive nenpot kote pou yo konnen ke se kakao a k te fe yo viv pou yo sanse yon pwodikte kakao.

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom: (bri machine) Mwen menm mwen ta renmen , fome timoun an m yo (klaxon machin) pou yo vinn su le teren an, pou yo vinn travay ak plante yo nan pye kakao a.

#8 Mervelus Ervenson, Gason, 58 ane, 5 timoun, kiltivate : Mwen menm m ta renmen pou timoun an m yo map fose kounye a, demen si Dye vle pou yo te kapab vinn ranplase nou menm ki gran moun nan kooperativ la menm si yo...

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : sak fe timoun an nou yo yo pa avantire yo sou sou afe paran yo ki fe pati kooperativ paske plante yo, paran yo gen dezane yap fonksyone, ke yo we yo pa we yon avantaj ke yon progres ki fet pou moutre yo menm yo vinn patisipe pou ankouraje yo pase kelkefw nou menm yo we , nou menm kap fonksyone nan kooperativ la , nou manke jwenn des avantaj, se sak fe yo menm yo di si yo te we m te jwenn avantaj sa ta ve atire yo vini.

(Piblik la kap pale)

Men ki diferans ki genyen ant yon fi ki andeyo ak youn ki nan bouk?

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran: Bon, vreman..konn gen kon jan diferan__lage yo__paseke si komsa tip e ti fi a rete nan bouk, yo we ke wou ki tap redi ake pitita w la andeyo a, ou mete pitita w lekol , ou fel fe tout sesi, tout sela ebyen si yon ti grapday ta vini pou timouna w la ta benefisye yo we timoun andeyo a li paka benefisye l, se moun nan bouk la se li k pou benefisye l, sa se diferans sa ali genyen antre andeyo a, ake moun lavil.

#10 Eugene Arnold, Gason, 79 ane, 6 timoun, kiltivate : E le plis souvan, m tandè kote pale tre byen madan, pou mwen menm a me mo, a kote nou chita la a, m ta renmen se pa de nou non, m ta renmen le yon sitwayen ap pale ak moun andeyo a, pou pale kle sou li, nou tout kila, nou tout peyizàn ki la a tout se moun grand rivye yo ye, e se moun andeyo nou ye__**bay diferans la non pa', diferans lan** __diferans lan k genyen an tout moun ki te moun grand rivye, tout mouri déjà tout nan peyi etranje se peyizàn k sot andeyo a kabite, ki abite nan bouk la, m pa renmen le w moun ap pale m de moun andeyo, moun nan bouk..

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : diferans ki genyen antre moun andeyo e moun lavil__fi spesyalman, fi__fi spesyalman, fi andeyo yo konn

manke, yo manke eklere, fi lavil pi eklere ___hmm hmm___ **ou ka ba nou yon ti esplikasyon sou eklere a, saw di a ?**___ ahahahahaha(moun kap ri)___ eklere a vle di yo gen plis lespri, lespwi yo pi devlope, pa egzanp si yon fi andeyo ou ka bay 100 goud pou yal nan mache, paske l pa abitye a gro kob, fi lavil la ou paka bal 100 goud se 100 dola pou w ba li. (ri) ___heheheheyyy___

Banm bouchan m, banm bouchan m non

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom: *Lontan, lontan map bay diferans lontan fi andeyo ak fi lavil, nan bouk, lontan le w bezwen yon bon timoun , wap pra l pran l andeyo, ou sur ke timoun sa a se bon ti bagay, men jodia pa gen sa___**diferans la**___ diferans la sedi ke paran ki nan bouk la, eseye, m pa konn si se... kinbe timoun pa l la, eduke l, fome l, enstwi l tre byen e li tandè, pafwa timoun ki andeyo a, le l nan bouch la gon w seri de frekantasyon l fe bagay i pwan des bagay ki ede jete l nan de gwoup ke li pa dwe tonbe ladan l. Li pa menm jan ke lontan a kounye a, men kounye a la pa gen diferans, ak fi la vil___ni ki andeyo___ak fi andeyo, fi ki ret nan bouk la ki kote l soti, andeyo l soti l vinn nan bouch la, yon gen menm konesans, yo fe filozofi a yo ansanm, yo fe retorik la ansanm li aprann menm bagay e le youn we sak nan bouk la blablabla ou pap we ki diferans ki genyen, tou de brode, or tou de gen konesans.*

Ok, m panse nou pral fini, nou rete (bri machin) selman pou n mande w si okou de tan sa a nou pase la a ansam te gen yon bagay ou juge ki enpotan nan zafe kakao e malgre tout kesyon nou kesyon nou poze, malgre tout entevansyon chak grenn moun la a fe e ke nou juge gon w bagay ki te enpotan ki pat di, eben se nan okazyon sa a anvan nou temine, tou profite di l tout sa nou songe nou te bliye di eben, tou dil pou nou ka fini.

#1 Dorestin Jude, Gason, 53 ane, 5 timoun, teknisyen agronom : *Mwen menm sam swete, m swete CRS pa pran do...ehhh enfomasyon pa nou yo, pou lage non w trou, okontre nou swete ke lap tou...fomasyon an ap tounen vinn jwen nou e konsa pou yo bann le bwa pou ede nou ak sann genyen an, pou n gen plis fos e konsa plante yo, timoun an nou yo eben kakao a kapab fe yale nan lot peyi.*

#5 Leon, Syrilien, Gason, 62 ane, 2 timoun, kiltivate : *Bon m swete pou CRS, vini l jodia, li pa fini pou granmesi, li vini avek yon bu byen determine, yon fason l*

vinn ede nou isi grand riviere du nord, demen pou nou ka vinn yon moun, timoun annou ka vinn yon moun , ka vinn komisi yon lider pou yo sa kontinye ap de progres pwendvi materyel, m swete ke la pral travay e o bon por gen yon bagay kap retounen.

#2 Jardis Rosena, Fi, 58 ane, 4 timoun, Jeran : Bon, m ta swete pou CRS kapab, toujou kapab kolabore ansanm ake nou, e ni pa se pa jodia selman se pou l kapab toujou kontinye vinn fe ti chita ansanm ake nou pou nou kapab bwase lide ansanm toujou pou bagay yo kapab avanse.

#6 Baptiste Julmiste, Gason, 47 ane, 3 timoun, teknisyen agwonom: Bon, eh hh mwen m swete ke kakawo se youn nan fanmi nou grand rivyè di no, si fanmi nan y gen 6 moun , pye kakao a fe 7, sa vle di swen nou kapab bay et vivan yo si li menm tou nap bay pye kakao, m ta swete pou CRS pran doleans sa yo en men, en chaj kote li ka fe yo rive a pou l fe yo rive, epui tou li ban nou fouch tou, sil gen sa nou pate di nou pate di, li ban nou fouch tou pou nou kapab reyisi pou pye kakao nou vinn tounen yon patrimwan pou nou nan grande riviere du nord.

#4 Marcelus Noel, Gason, 60 ane, 2 timoun, kiltivate : Mwen sa m ta swete, CRS vinn oran fomasyon pou l retounen fomasyon an, repons fomasyon an ba nou.

Mesi

Eben nou remesye nou tout, nou espere menm jan nou pote kole avèk nou jodia, na jwen menm kolaborasyon an, men patenarya a pou ke nou fe res etap etud la ansanm.

Mesi

Don nou konte sou ou, nou konte sou responsab kooperativ la, nou konte sou tout manb yo tou.

Pa gen pwoblem ___ dirijan yo pou kont yo pa pral ka ede nou, men gen yon pwèn n pral bezwen se kek manb nan kooperativ la, dirijan yo pral di nou akonpaye ekip la nan tel zòn , tel kote, tel kote, donk nou konte sou nou.

Mesi__ Mesi anpil

Mesi__ nou pa priye

Ann bat bravo, plaplaplaplaplaplapla

An nou e yon ti kanpe pou lapriye....